

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan Modél STAD (*Student Teams Achievement Division*) dina pangajaran undak-usuk basa Sunda siswa kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- (1) Kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda siswa SMA Pasundan 3 Bandung di kelas ékspérimén dina tés awal katitén hasilna kurang nyugemakeun. Rata-rata kamampuh siswa nya éta 5,24 hartina siswa can mampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda. Dina tés ahir sabada ayana pangajaran ngagunakeun modél STAD katitén hasilna geus nyugemakeun. Rata-rata kamampuh siswa nya éta 6,75 hartina siswa geus mampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda.

Kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda siswa SMA Pasundan 3 Bandung di kelas kontrol dina tés awal rata-rata kamampuh siswa nya éta 4,41 hartina siswa can mampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda. Sabada ayana pangajaran ngagunakeun métode konvensional katitén hasilna ngaronjat, sanajan masih can nyugemakeun. Tina hasil tés ahir rata-rata kamampuh siswa nya éta 5,85.

- (2) Ayana peningkatan kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda antara pratés jeung postés. Hal ieu katitén tina hasil uji gain kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol aya parobahana anu signifikan. Uji

gain kelompok ékspérimén ngahasilkeun $t_{itung} (15,1) > t_{tabel} (1,71)$. Dina uji gain kelompok kontrol ngahasilkeun $t_{itung} (8,47) > t_{tabel} (1,71)$.

- (3) Aya béda anu signifikan di kelas ékspérimén antara kamampuh awal siswa ngagunakeun undak-usuk basa Sunda saméméh ngagunakeun modél STAD jeung kamampuh ahir siswa ngagunakeun undak-usuk basa Sunda sanggeus ngagunakeun modél STAD. Hal ieu katitén tina hasil uji hipotésis kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda anu nuduhkeun yén $t_{itung} (5,8) > t_{tabel} (1,71)$.

Aya béda anu signifikan di kelas kontrol antara kamampuh awal jeung kamampuh ahir siswa dina ngagunakeun undak-usuk basa Sunda. Hal ieu katitén tina $t_{itung} (3,42) > t_{tabel} (1,71)$.

Aya béda anu signifikan antara kamampuh ahir kelas ékspérimén jeung kamampuh ahir kelas kontrol dina ngagunakeun undak-usuk basa Sunda. Hal ieu katitén tina $t_{itung} (2,5) > t_{tabel} (1,71)$.

5.2 Rékoméndasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran undak-usuk basa Sunda ngagunakeun modél STAD, aya sababaraha rékoméndasi tina ieu panalungtikan:

- (1) Modél STAD bisa dijadikeun salasihiji alternatif pikeun guru ngajarkeun undak-usuk basa Sunda.
- (2) Ayana panalungtikan ngeunaan modél STAD dina matéri pangajaran lianna enggoning leuwih ngabuktikeun kaéfektifan éta modél pangajaran.

- (3) Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang pangajaran ngagunakeun modél STAD.
- (4) Ayana wangun tés sacara lisan nu digunakeun pikeun ngukur kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda, sangkan leuwih katitén hasil nu leuwih nyugemakeun.

